

BAB V

KACINDEKKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekkan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan métode multisénsori dina pangajaran nulis aksara Sunda di SMA Pasundan 1 Bandung bisa dicindekkeun saperti di handap.

- (1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa SMA Pasundan 1 Bandung di kelas X-2 dina kagiatan pratés hasilna kurang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 45,47, hartina siswa can mampuh nulis aksara Sunda. Dina kagiatan postés sanggeus dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode multisénsori hasilna katitén geus nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 76,63, hartina siswa geus mampuh dina pangajaran nulis aksara Sunda.
- (2) Kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar téh tétéla ngaronjat. Ieu hal katitén tina hasil *uji wilcoxon* aya parobahan anu *signifikan*. Tina *uji wilcoxon* kapanggih $t_{itung}(0) < t_{tabel}(46)$.
- (3) Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa, saméméh jeung sanggeus dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode multisénsori. Ieu hal katitén tina hasil *uji hipotesis* anu nuduhkeun yén $t_{itung}(0) < t_{tabel}(46)$. Nu hartina hipotésis ditarima.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- (4) Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén métode multisénsori téh *efektif* pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda.

5.2 Rekoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode multisénsori, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan, nya éta:

- (1) Métode multisénsori bisa dijadikeun salasihiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda;
- (2) Ayana panalungtikan ngeunaan métode multisénsori dina matéri pangajaran nulis lianna enggoning leuwih ngabuktikeun *kaéféktifan* éta métode pangajaran; jeung
- (3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun métode multisénsori.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu